



ADRÉSPOEN
REDACTIE LAN ADMINISTRATIE
IGNATIUS - COLLEGE
DJOKJAKARTA.

LEMBARAN MOERGAN

SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK MINGGON.



HOOFDREDACTEUR:
A. DJAJASEPOETRA
KABANTOE
REDACTIE-COMMISSIE.



Swara-Tama.
Sampéjan Dalem Ingkang Sinoehoen Kangdjeng Soeltan Hamangkoe Boewana ingkang kaping VIII

Foto C. Weers.

DJANMA AWISIKAN, DWIPANGGA AWANI; AWANI
NGOJAG - OJAG PANAGAN ING BOEMI. (1851 — 1861)

Wijosan Dalem Sampéjan Dalem ingkang Sinoehoen Kangdjeng Soeltan ingkang kaping VIII Ngajodjakarta, ing dinten Rebo Wagé tanggal kaping 21 Rabingoelawal, Wawoe 1809 oetawi tanggal kaping 3 Maret 1880.

Nalika djoemeneng Pangéran Harja Poeroebaja, ing dinten Senèn Legi tanggal kaping 21 Roewah, Djimakir 1826 oetawi tanggal kaping 25 Djanoewari 1897.

Nalika djoemeneng Kangdjeng Goesti Pangéran Adipati Anom, ing dinten Senèn Legi tanggal kaping 23 Sawal Éhé 1844 oetawi tanggal kaping 14 Sèptember 1914.

Dengkar Dalem Sampéjan Dalem Kangdjeng Goesti dateng nagari Walandi, ing dinten Rebo Wagé tanggal kaping 5 Sawal, Wawoe 1849 oetawi tanggal kaping 27 Agoestoes 1919.

Kondoer Dalem Sampéjan Dalem Kangdjeng Goesti saking nagari Walandi, ing dinten Ngahad Pon tanggal kaping 27 Djoemadilawal, Alip 1851 oetawi tanggal kaping 6 Pébroewari 1921.

Djoemeneng Dalem Sampéjan Dalem Ingkang Sinoehoen Kangdjeng Soeltan ingkang kaping VIII Ngajodjakarta, ing dinten Salasa Kliwon tanggal kaping 29 Djoemadilawal, Alip 1851 oetawi tanggal kaping 8 Pébroewari 1921.



GARDJITA-SWARA.



E é é é, jwa anaa kang kari!
Senaosa moeng sawidji,
Ing ngriki
Ngajogjakarta kang nagri!

Jwa kantoen mring trontongé srengéngé,
Djago kloeroek ambal-ambalan, ngétjé-étjé!

Gja njepenga poen sandang, tja...k!
Sroewa anjar, bregas, matjak!
Setlikan mbledo...k, ketak-ketak!

Dén énggal goemregoet mring kalangan,
Kalangan keraméan.
Njaosken kasoegengan!

Djer Sang Nata!
Sang Nata woes sadasa warta
Ngasta pradjèng Jogjakarta!

Moeng lagi sadasa warta
Woes katon wéla-wéla
Oendaking gemah-ripah poen pradja..

Ada - ada tan koetjiwa
Agoena toer sembada
Ija birawa

Jwa wedi lan mangoe-mangoe!
Wit tangkepna Sang Praboe
Mring para hoeloen
Narik mangadep ring Sinoehoen!

É é é mangkono kang moelané
Jwa anaa kang njelé,
Bingah-bingaha ing ati
Sesarengan asesami!

Medala ing andjawi

Loemoehé, ja ndjro panti!

Moeng weling ngong: jwa soepé

Mring prakawis tan sepélé;

Jékoe: manedakké

Sing Allah

Barkah!

Th.

PAHARGJAN SADASA TAOENAN.

Pangastawa ing srinata, satata gotrah Katoelik, angetab pangastoe pada, maharda ing ari adi, tingalan dalem Adji, Djeng Soeltan ingkang kawoloe, Ngajogja adining rat, tetepé sadasa warsi, ngasta pradja mandirèng niring sangsaja.

Sa-ha-sa asoeng poepoedja, rahadjengé Djeng Déwadji, kang dahat mahardjèng pradja, an-djoendjoeng dradjating djawi, djiwa Jodja pinilih. Katoeliké rijel toewoeh, sing sawabing Narèndra, paédoek sadasa warsi, saksat soewoeng sawangé sangsara.

Andjrah pandjrahing jajasan, Katoelik Ngajodja nagari, pawijatan lodji grédja, doemoenoeng boemining Adji, mangrebda loemastari, katresan sihing Sang Praboe, pinareng ngempék papan, marta mrataken Indjil, tan alama Ngajodja poendjoeling Djawa.

Para kwoela kalawan, santana dalem Sang Adji, ingoedja mandjing agama, sinarah serenging kars, sitaning tyas nètèsi, Katoelik Jogja ngremboejoeng, angoejang kajoewan, kalèban pralebdèng Adji, tipané tinemoe ing kaoetaman.

Sroe banta Sang Narèswara, mamardi marta marnani, kwèhning kwoela ginoelang, manggiloet boedajèng djawi, djamaké djaman mangkin, woes moengkoer moengkaring kajoen lelangen lénggot bawa, bawané tan amikani, wawatoné ing Krida deksa wi-rama.

Kwoela Katoelik djawa, djoewet angetjoep ngitjipi, koekoetjah koentjoep, kinantjoeh kentjeng kinoentji, madada angendemi, Abiranda kang soemoendoel, gending kalawan tembang, toemimboel namboel nebani: pra kwoela Katoelik gotrah Ngajodja.

Hentyarsèng tyas mangastawa, ngèstoetyardja ring Sang Adji, ngoendoeken poedyastawardja, Djeng Soeltan soegeng mandiri, mangrenggep kaprabon Praboe, wimbaning kawibawan, mimboehi birawèng Adji, kadjoewara rahardja pradja Ngajodja.

Wahjaning wahjoe dyatmika, mamajoe majem ngajomi, joewanèng kradjan Ngajodja, widada toeoes mawerdi, roementah maring dasih, soetresna soengkem soemoengkoe, soeka mangèstoe pada, mamandom pandaming Adji, tan sawala soemanggem moendi Narèndra.

Titi toetoeping pahargjan, tjinitrèng ing ri Respati, dwi dasa nawa tjandrama, Djoemadilawal woes akir, warsa ingkang loemaris, Djémawal sengkalanipoen: toenggal rasa ngèsti 'nDra, kwoela dalem Katoelik, kang soemahap soeng soegeng sadasa warsa.

C. H.



BIWADDA SAHANDAP SAMPÉJAN DALEM INGKANG SINOEHOEN KANGDJENG SOELTAN HAMANGKOE BOEWANA VIII.

Wekdal sedasa taoen poenika, menawi ngèngeti sapinten dangoening manosa wonten ing ngalam donja, ingkang saking tjaliking ngoemoer, ngantos asring binasakaken, bilih gesang manosa wonten ing ngalam donja poenika prasasat namoeng mampir ing peken toembas sedah, wekdal sadasa taoen poenika sampoen nama pañdjang. Langkoeng-langkoeng manawi ngèngeti lelampahan warni-warni, ing sadinten-dinten, ingkang sagec ndajani sanget toemrap gesangging manosa, wekdal sedasa taoen poenika saëstoe boten sepét aospoën, saja malih toemrap tijang ingkang tansah kasinoengan bagdj, tebih saking saliring bantjana.

Pramila kalohoeran sanget, déné Ngarsa Dalem Ingkang Sinoewoeng ngarsakaken mèngeti Djoemenen Dalem Naréndra, mangrèh pradja Ngajogjakarta, djangkep sadasa taoen, lestantoeng soegeng rahadjeng, tampa sambékala.

Ing salebetipoen wekdal sedasa taoen Ngarsa Dalem Ingkang Sinoewoeng kawistara kasongan ing para Leloehoer Dalem miwah binarkahan ing Pangéran. Paprémentahan Dalem ingkang tjoemeta namoeng kaeneraken dateng kawiloedje-anganing kwoela Dalem, ageng alit, katah sanget wohipoen ingkang miraos, moenfangati dateng oemoem, adamel seneng māreming kwoela Dalem sadaja.

Waragad pinten kémawon ingkang sampoen kawedalaken, kagem njaèkaken toewin ngagengaken kita Ngajogja, ingkang ing soewaoe boten montjer sanget kawontenani poen, ing samangké prasasat santoen babar pisan sesipatanipoen, mantjala warni dados kita ingkang pélag asri angresepakan, sarwa pepak isènisènipoén. Bikaging palengkoeng boentet, ingkang ladjeng kaparingan nama „M a d y a - S o e r a ,” Ingkang awiging garapipoen rebat oenggoel lan plengkoeng „D j a g a - S o e r a ” ing Ngasem, mewahit gampiling loemebetipoen ing pakam-poengan ing lebet-bètèng ing sawantji-wantji, bénèh sanget kalijan djaman sadasa taoen kapengker, déning kori-korining plengkoeng jén daloe mesti katoetoep; dados manawi wonten tijang badé loemebet oetawi medal, kedah neda wenganing kori roemijn.

Kawontenaning margi-margi, kreteg-kreteg, peken-peken, sarta grija-grija toewln jejasan sanèsipoen, kadosdéné kantor-kantor, grija pamoelasaraning tijang sakit, grija pambéléhan, pamoelangan-pamoelangan l.s.s. sami ngatingalaken éndah pènining kita Ngajogja ing salebeting peprémentahan Dalem Ingkang Sinoewoeng ingkang kaping Woloe. Ing wantji daloe sesawanganing kita prasasat tan prabéda lan ing wantji sijang, déning sorotong pandam pinten-pinten, pating pantjeroerat saeroeting margi.

Sadaja-sadaja poenika nélakaken, bilih ingkang kaësti Ngarsa Dalem namoeng karahjon toewin sakétingan gesangipoen para kwoela Dalem sadaja, ngantos katah jejasan-jejasan énggal ingkang kawontenaken, déning kaanggep ageng paédahipoen dateng oemoem; sarta katah prekawis-prekawis lami ingkang kasoewak, déning kagalih makèwedi lampah sarta sampoen boten ndjamani, kadosta: sowakipoen awisan toemrap penganggé, maleman, pakepel, pasowan-ipoen tjalon pengantén éstri anaking abdi Dalem loemados Ngarsa Dalem l.s.s.

Ngarsa Dalam sanget menggalih dateng ksarasaning kwoela, mila ing ngriki boten sakedik tjetjahiing grija pamoelasaraning tijang sakit, ingkang oegi angsal pambijantoe lan pitoeloengan saking Ngarsa Dalem. Moerih pikanteuk toja ingkang saé, ing ngriki dipoenjasakaken waterleiding, pamendeting toja saking Kali-Oorang, ingkang ing sapoena katingal redja, déning sampoen katah grija-grija ingkang prajogi, dados patirahaning para nandang sakit; sarta nitik glagatipoen ing sapoena, kados katah émperipoen, jén Kali-Oorang ing tembé kadadosaken kita. Moerih nggampilaken pambheetaling sesoeker, ingkang sagec ndjalari sesakit warni-warni, Ngarsa Dalem menggalih dateng wontening roleering (eroeng-eroeng).

Ngarsa Dalem nggatosaken sanget dateng kemadjanganing kwoela, ngantos ing doesoen ngadoesoen sami kaadegan pamoelangan. Ing salebeting kita Ngajogja grija pamoelangan pating talètjék katah sanget, wiwit ingkang andap pijambak ngantos doemoege pamoelangan tengahan. Ing aloen-aloen lèr kajasakan balé waosan (bibliotheek) oemoem, ageng sanget paédahipoen toemrap panggajoehing kemadjanganing.

Prakawis tetanèn, pangopakaraning radja-kaja, pandamelan krija, goenakrida toewin padagangan Ngarsa Dalem Ingkang Sinoewoeng ngadjengaken saha mrihatosaken sanget, ngantos ing kita lan ing poendi-poendi panggènan dipoen-wontenaken jaarmarkt lan tentoonstelling, sarta ing poendi-poendi kadistrikian lan kaonderan kaparingan bibit radja-kaja ingkang saé, moerih saéning radjakaja ing wewenkong Dalem. Pakopèn saha padjatosan inggih kaoedi sanget kalajan talatos.

Toemrapipoen para kasengsem ngoedi kekridan (kunst) kadosdéné beksa, gending, padalangan l.s.s. wonten ing negari Dalem Ngajogja ngriki saëstoe boten badé katjoewan, djer Ngarsa Dalem mila nengenaken dateng prekawis poenika, mandar dangan sanget paring pambijantoe dateng pakempalan-pakempalan, ingkang ngoedi ndjoendoeng dradjating kagoenan Djawi. Kados sampoen marambah-rambah Ngarsa Dalem ngarsakaken njobi ngagem dalang wedalan pakempalan Abiranda, sanadjan dalang-dalang waoe ing semoe dèréng sagec damel marem renaning penggalih Dalem. Ingkang makaten poenika namoeng nélakaken goenging sih kamirahan Dalem dateng pakempalan-pakempalan waoe.

Ing salebetipoen peprémentahan Dalem para poenggawaning Negari toewin para abdi Dalem sami ngraosaken sih pari-marja Dalem, déning kawontenaning blandja-blandja kasaèkaken manoet pepangkatan lan awrading sesanggén.

Ngarsa Dalem inggih boten kasoepèn maringi pangajoman doemateng kéré darwis, ingkang sami pating biloeloeng tanpa pangaoeban, kajasakaken papan wonten ing Toengkak.

Ada-adaning kwoela Dalem ingkang toemoedjoe dateng kasaénan toewin kawiloedjengan sanget ndadosaken kepareng Dalem, katanda menawi wonten jejasan énggal kados makaten kabikak, Ngarsa Dalem karsa tedak ngrawoehi, aparing tanda saroedjoek, kalajan danganing penggalih.

Djaman 10 taoen kapengker, kadaton Dalem poenika wingding wingid, ingkang kepareng loemebet namoeng para abdi Dalem kémawon. Ing samangké sinten ingkang weling oendjoek, kepareng sowan loemebet ing kadaton Dalem, ingkang ing sapoeniakanipoen manoet gotéking ngakatah, sampoen katah sanget bédanipoen kalijan roémijn, labet sampoen kamoeljakaken ing Ngarsa Dalem Ingkang Sinoewoeng, ingkang djoemenen sapoena. Pisowan makaten poenika dipointampi saé sanget, mandar kaparingan neda poenapa. Lo semanten goenging sih kamirahan Dalem, ingkang roementah dateng kwoela Dalem.

Bab tata-tentreming pradja Ngarsa Dalem sakalangkoeng anggènipoен mangalih, ngantos kwoela Dalem sami roemaos tentrem ajem sekéjtja dedoenoeng

wonten ing nagari Dalem. Tatananing pepréntahan binangoen tjara énggal, salaras kalijan kemadjenganing djaman, sairib kalijan kawontenaning tanah Goepeménan. Malah saking wantering panggalih Dalem badé memajoe hardjaning negari, Ngarsa Dalem Ingkang Sinoewoen, karsa jasa bebadan énggal, ingkang tjalon toemindak bédjeng taoen 1931 ngadjeng poenika, inggih poenika jejasan Dalem „Balé Agoeng.“

Sadaja jejasan, dalasan agem-ageman Dalem nélakaken pasadjaning panggalih Dalem. Sadaja-sadaja sroewa-sroewi pasadja, boten kekatahen papáés, éwa déné teka ngengreng amantesi; boten adamel kagét.

Prakawis poenika ing sadjatosipoen pantes sanget dadasa katja-benggala toemrap para kawoela Dalem sadaja, langkoeng-langkoeng ing djaman rekaos poenika, tijang kedah pasadja ing samoekawis, moerih sakéta lan katjekapan ing gesangipoen.

Kados boten badé wonten telas-telasipoen, manawi goebahan poenika kladjengaken.

Kawaela Dalem, ageng alit, sadaja roemaos katusnan ing goenging sih katrénsan Dalem.

Pramila sampoen sapantesipoen, manawi ing dinten poenika sami kapideron ngetinggalaken soengkemipoen dateng Ngarsa Dalem, Goesti Ratoe Poepoendéniwoen, ndrérèk soeka-soeka, ngoendjoekaken pahargjan wonten ing Saandap Sampéjan Dalem ing sasaged-sagedipoen, ngantos ing kagoengan Dalem aloen-aloen kebak tetigalan awarni-warni, mewahi moenggoeh regeng semoewaning pahargjan.

Makaten oegi kawoela Dalem gotrah Katholieke Djawi boten kantoen, ngoendjoekaken soengkemipoen dateng ing Saandap Sampéjan Dalem, manabiwadda Ngarsa Dalem ing sagadoeg-gadoegipoen, sarana ngloehoerakan Asma Dalem, toewin ngoendjoekaken poedji sesanti, moerih soegeng widadaning Karaton Dalem, djinangkoeng ing para Leloehoer Dalem, winantoe ing barkahing Pangéran ingkang asipat gesang, tinebhaken saking saliring sambékala, kasinoengan bagia ing dalem paprétahan negari.

Kawoela Dalem gotrah Katholieke Djawi mangestoe pada.

Pr. S.

DJENGKAR DATENG NAGARI WALANDI.

(27 Agoestoes 1919 — 9 Pébroeari 1921).

Koela mongkog sanget, manawi anggagas-nggagas déné Sampéjan Dalem Ingkang Sinoehoen ingkang djoemeneng Nata samang kéné poenika sampoen naté djengkar dateng nagari Walandi.

Lo mongkokipoen kados-poendi?

Makaten: Ing ngatasipoen tijang limrah kémawon, manawi saweg kekésahan dateng tanah sabrang kados déné Soematra saantéronipoen ngrikoe, ingkang prasasat boten wonten bédanipoen kalijan tanah Djawi mengah ing tijang, kewén lan tanemanipoen, samangsa tijang waoe wangsoel malih dateng tanah Djawi ngrikie, dradjadipoen mindak sa-tjét, amargi saged tñrios ingkang radi anéh-anéh. Langkoeng-langkoeng manawi tijang limrah waoe sampoen naté kekésahan dateng nagari Walandi, ingkang langkoeng tebih toer prasasat ing samoekawis bédá kalijan ing tanah Djawi ngrikie. Poenika dradjadipoen mindak pinten-pinten tjét.

Saoepami tijang limrah waoe njrijosaken kawontenanipoen nagari Walandi dateng sanak sadérèk oetawi tangga tépalih, wah katah ingkang sami goemoen, pating petonggong, kadosta oepami tñrios: Ing nagari Walandi poenika ingkang dadas toekang kebon inggih tijang Walandi, ingkang mboetjali oewoeing radinan inggih tijang Walandi, nanging sanadjan toekang oewoe, manawi angsal soewékan koran wonten ing margi asring dipoenwaos; ingkang dadas koki oetawi baboe inggih njonjah Walandi. Ing sabin-sabin ingkang maloedjeng oetawi nggaroe inggih Walandi, mawi sepatoe kadjeng, awit sepatoe watjoetjal temtoenipoen badé énggal risak. Wondéné waloejeng oetawi garoe waoe ingkang narik dédé lemboe (maesa ing nagari Walandi boten wonten), nanging kapal. Poenapa tijang ingkang mireng boten badé alok: é é kok anéh?

Toenggilipoen tñrios bab mangsa ing nagari Walandi: Ing ngrikie poenika boten wonten katiga lan rendeng, wontenipoen Lénte, Zomer, Hérfst lan Winter, inggih poenika mangsa radi bentér, bentér, radi asrep lan asrep (mangsa bading). Jén mangsa Zomer poenika kawontenanipoen tetoewoehan prasasat kados tanah Djawi inggih poenika ronipoen sami ngremboejoeng sarta sami katah wohipoen. Manawi Hérfst wit-witan waoe mèh sadaja sami brindil kados tñrianiopoen ing ngrikie wit-djatos, nanging ing nagari Walandi ngrikie mèh saben wit toer poenika waradin sanagari Walandi, dadosipoen wit-witan katingalipoen sami pedjah. Ing mangsa Winter saged asrep sanget, ngantos toja-toja ing bloembang sami dadas ès. Oepami mentas djawah, toja ingkang pating ketjem-bong wonten ing radinan poenika inggih asring dadas ès. Jén asrepipoen anggegiris, dalasan lèpèn-lèpèn inggih sami andjendel dadas ès, ngantos asring kénging kaambah ing grobag oetawi ing montor lan sasaminipoen. Wondéné tetijang panganggénipoen sarwa kandel, wonten ing grija sami bedijan. Mangké manawi sampoen wiwit Lénte, wit-witan sami medal troeboesipoen, lami-lami medal sekariopoen lan ronipoen angremboejoeng, woesana katah wohipoen, lajdeng ing mangsa Zomer sami dipenoendoehi.

Tjekak tijang ingkang sampoen naté dateng nagari Walandi poenika oepami kapoerih njarijosaken kawontenanipoen nagari Walandi, prasasat tanpa wonten telasipoen, sadaja toemrap ingkang dèréng naté mrika, inggih anggoemoenaken.

Boten teka margi saged tñriios poenika tijang ingkang sampoen naté dateng nagari Walandi mindak katah dradjadipoen, manawi katanding kalijan oepami dèréng naté mrika, awit tijang ingkang dèréng naté dateng nagari Walandi saged oegi njarijosaken kawontenanipoen nagari Walandi saking anggénipoen memiréng oetawi maos-maos, nanging sababipoen: tijang ingkang sampoen naté dateng nagari Walandi waoe mindak seserepanipoen.

Inggih moerih mindaka seserepanipoen poenika, djalaranipoen katah para prijantoe, malah para Nata ing Indonésiah ingkang sami tindak dateng nagari Walandi.

Koela mireng wertos bilih Kangdjeng Soeltan ing Koetei, ing Asahan lan sanès-sanésipoen sadjawining tanah Djawi sampoen naté tindak dateng nagari Walandi, mratandakaken bilih Ratoe-ratoe waoe golongan modern. Mila manah koela inggih momgkok sanget, déné Ratoe koela Sampéjan Dalem Ingkang Sinoehoen ing Ngajogjakarta ngrikie boten kantoen kalijan Ratoe-ratoe sanès nagari. Sampéjan Dalem sampoen naté djengkar dateng nagari Walandi ngantos lami, dadas inggih tamat dateng kawontenaning nagari Walandi.

Namoeng kémawon tijang limrah kalijan Ngarsa Dalem poenika sanadjan sami wonten ing nagari Walandi ingkang mesti wonten bédanipoen. Tijang limrah makaten mindaka seserepanipoen inggih namoeng kanggé badanipoen pijambak, njengka kangé tangga tépalih. Sareng Sampéjan Dalem rak boten makaten, anggénipoen djengkar dateng nagari Walandi poenika moerakabi dateng kawoela Dalem.

Margi saking djengkar Dalem dateng nagari Walandi waoe, Sampéjan

Dalem bokmanawi ladeng kagoengan idam-idaman, manawi kondoer djoemeneng Nata, badé netjukaken ingkang loehoer-loehoer, ingkang modern, ingkang mambet démókrasi lan sapanoenggilanipoen.

Saplok Sampéjan Dalem Ingkang sinoehoen poenika djoemeneng Nata katah éwah-éwahan ingkang koela wastani loehoer poenika oepaminipoen wonten da-woeh soepados koepoe-koepoe daloe sampoen sami maboer pating kleper wonten ing radinan manoet sakadjengipoen pijambak, inggih poenika manéti dawoeh kala tanggal 24 Désember 1924 No. 14/1 H (Rijksblad No. 18). Ladeng ing dawoeh tanggal tñdakipoen wonten pranatanipoen noetoep gria-gria papaning koepoe-koepoe daloe. Éwa samamten koela mireng kabar, saweg kampoeng (ing Ngajodja) satoenggal kémawon wonten papan koepoe malem nem oetawi pitoeng enggén. Poenapa poenika boten kesanget? Mila sanget ing pangad-jeng-adjeng koela, soepados ingkang kados makaten poenika apesipoen dipoen soedaal!

Déné ingkang koela wastani modern poenika bab njáékaken kita sarta kadtan. Ing Ngajodja samangké margi-margi sami saé-saé, gampil dipoenambahing montor oetawi bis, andjalarí madjengipoen padagangan, awit tijang padoe-soenán gampil anggénipoen sesadéen oetawi tetoembas. Jén sonten radinan-radinan sami pating kentjaril dilahipoen éléktoris, andjalarí Ngajogjakarta katingal manawi njata kita. Taksih katah toenggilipoen, ingkang mratélaikan bilih Sampéjan Dalem Ingkang Sinoehoen poenika sampoen modern. Nanging sanadana makaten anggén Dalem Sampéjan Dalem karja modern waoe inggih manggalih dateng para kawoela Dalem, kadosta: grebeg, poenika kawoela alit taksih sami ramen. Kawoela alit kepéngin soemerep Ratoenipoen, inggih grebeg poenika ingkang dadas sarananiipoen. Kados déné aloen-aloen kanggé oemoen, poenika inggih nélakaken bilih Ngarsa Dalem sampoen ngagem ada-ada modern oetawi démókrasi.

Kadjawi papan, Ngarsa Dalem oegi katah anggén Dalem manggalih dateng adjenging prakawis sosial kadosta: paring piteloengan dateng tetijang ngemis. Ngarsa Dalem kagoengan panimbang bilih anggénipoen noeloengi tetijang waoe sarana ngwontenaken koloni kapangagengan ing dokter ingkang boten ngoetj-wani. Woesana ladeng paring dawoeh kados ingkang kaseboet wonten ing pranatan tanggal 6 Oktober 1924 No. 10/1H. (Rijksblad No. 15).

Bab kasarasan, pamoelangan, landbouw, kagoenan, krida lat sanès-sanèsipoen Ngarsa Dalem katingal sanget karsa ngadjengaken. Manawi sadaja koela rembag wonten ing ngriki, wah sampoen boten wonten telasipoen. Mila namoeng koela tñegag samanten kémawon, nanging manah koela mongkok, déné Sampéjan Dalem sampoen naté djengkar dateng nagari Walandi sarta gadah gagasan: Poenapa poenika dédé wohipoen djengkar Dalem waoe?

Manawi makaten koela kados klilan gadah pangad-jeng-adjeng dateng wontenipoen éwah-éwahan katah malih ingkang loehoer-loehoer (panoenggilanipoen ingkang sampoen koela tñrijosaken ing nginggil), ingkang ngadjengaken prakawis sosial lan sasaminipoen. Kados makaten poenika selot-selotipoen inggih badé kelampaahan, nitik kawontenan salebeting sadasa taoen anggén Dalem Sampéjan Dalem djoemeneng Nata ing Ngajogjakarta poenika.

Mila soemangga para kantja ing Ngajogjakarta Hadiningrat, koela atoeri sami mahargja sadasa taoen poenika, kanti tjaos baue soekoe manawi Ngarsa Dalem karsa ngadjengaken kita Ngajogja ing babagan rohani lan djasmani, soepados Ngajogja ing wingking dadasa tefoeladanipoen kita sanès-sanèsipoen ing sa-Indonésiah ngriki.

D. S.

GAGASAN KAWEDAR.

Kaserat marengi 10 taoen djoemeneng dalam Ingkang Sinoehoen Kangdjeng Soeltan Hamengkoe-Boewana, ingkang kaping VIII, ing karaton Ngajogjakarta Hadiningrat.

Djoemeneng dalam Nata Ngajogjakarta amarengi dinten Slasa Kliwon tanggal kaping 29 Djoemadilawal, taoen Alip 1851, oetawi tanggal kaping 8 Februari 1921.

Dados kala Kemis Wagé 29 Djoemadilawal 1861, oetawi tanggal 23 Oktober 1930, sampoen djangkep sadasa taoen.

Sadasa taoen ngasta poesaraning pradja! Wiloedjeng boten wonten sakarakar!

Inggak makaten waoe, ingkang bingah boten namoeng para sentana dalam. Kawoela alit, inggih!

Amila ing dinten waoe, para agoeng dalam tijang alit, kaoem Ningrat kalijan kaoem Krama, sami golong ing manah: bingah-bingah. Soeka-soeka ngatinggal-aken leganing manah. Ngatinggalaken soejoedipoen. Ngoendjoekaken bektinipoen.

Welingipoen para nwoeng krida, salebetipoen tijang mangoen soeka, sajogi arangkepan manah ènget. Inggih ènget, ingkang saged mahanani kaprajitnan, kaloehoeran, toewin rahajoening sarira.

Kita sami soeka-soeka! Gijak-gijak! Andrawina Arak-arakan! Ing salebetipoen kita netogaken gambiraning manah, kita kedah ènget! Anggénipoen wewe-lingipoen tijang sepoeh waoe. Ènget dateng: Babad Mataram; minggahipoen: Babad Madjapait.

Sadaja kawontenan ing saoebenging Kadaton, sami nwoeng semoe ingkang saged andoedoet wedaling gagasan inggil. Toemandoekipoen: anggrénda manah. Anggrahita kénégetan doek alam roemijn. Waringin koeroeng kembar, Kjai Dé-wandaroe Djanandaroe, ingkang dadas papasrèning aloen-aloen Lér; bétèng; djagang; Tamansari (Waterkasteel), tjeperoi Kadaton; bangsal-bangsal, lss. . . . waoe sadaja manawi koela tanggap, saged nglaras lepasng gagasan. Anggasas dateng: kaloehoeran Mataram. Dateng karadjan Madjapait. Dateng ambedah nagari, sasaminipoen. . . . Tjiptá koela toemantjeb ing témpo doeloe!

Kaseboet ing dalam babad, noeswa Djawi koentjara doemoegi poendi-poendi. Soegih mas pitjis radja brana. Loh djinawi. Dados loeroeganipoen soedagar sa-brang laoetan.

Ing taoen 1294, karadjan Madjapait madeg. Ingkang babad wana, saha djoemeneng Nata ingkang sapisan adjedjoeloek Praboe Kertaredjasa Djaja-wardhana, inggih Praboe Brawidjaja I.

Taoen 1350, ingkang ngrenggani kadaton Madjapait, adjedjoeloek Praboe Hajamwoeroek. Pandjenenganipoen, Nata agoeng binatara.

Inggak dadas warangka dalam Sang Nata, asma Patih Gadjañmada. Boten ngoetjwani!

Kala samanten, sadérèk, Madjapait saja komboel. Saja koentjara. Saja ndedel. Menggaha remboelan, angleresi poernama-sidi. Tjahjanipoen mantjoer teng kawoela Dalem.

Inggih kala samanten sadérèk, windoe kantjananipoen noeswa Indonesia.

